



OFFICE OF ECONOMIC
SELF-SUFFICIENCY
MYFLFAMILIES.COM

Pou Piblikasyon Imedya: For Immediate Release: 18 Mas 2020

DCF PWOTEJE KLIYAN AK ANPLWAYE LI YO PANDAN L AP FÈMEN VITRIN LI YO

~Plis pase 90 pousan kliyan yo aplike pou avantaj yo sou entènèt oswa pa telefòn~

TALLAHASSEE, FL – Jodi, Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) te tanporèman fèmen tout vitrin ak sal lòbi pou pwoteje piblik la ak anplwaye pou pa pwopaje COVID-19 la. Pandan etablisman sa yo itilize pou sèvi kliyan Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP), Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen Bezwen (TANF) ak pwogram Medicaid yo, depatman an ap kontinye itilize teknoloji pou asire kontinite sèvis yo.

“Ak plis pase 90 pousan kliyan nou yo k ap aplike pou avantaj sou entènèt oswa pa telefòn, fèmen vitrin nou yo pou pwoteje anplwaye nou yo ak piblik la se sa ki dwe fèt,” se sa Sekretè DCF la Chad Poppell te deklare. “Fason li pi rapid pou fè chanjman oswa pou verifye estati avantaj kliyan an, epi evite tout tan atant, se itilize Pòtay Oto-Sèvis ACCESS sa a, ki disponib 24sou 24, sèt jou sou sèt.”

Pòtay Oto-Sèvis ACCESS la pèmèt kliyan yo aplike oswa re-aplike pou avantaj, deklare chanjman, telechaje dokiman, verifye estati yon aplikasyon avantaj ak avantaj yo. Pou abitan Florid yo ki pa aplike sou entènèt oswa pa telefòn, pandan fèmti biwo yo, DCF gen yon bwat depo sekirize nan lye vitrin aktyèl yo ak enstriksyon pou kliyan pou soumèt enfòmasyon ak aplikasyon san enteraksyon moun. Bwat depo sa yo pral sipèvizè epi tcheke pandan tout jounen an pou trete enfòmasyon an yo alè.

Pou aplike pou asistans alimantè (SNAP), asistans lajan kach (TANF) oswa Medicaid, moun yo ta dwe ale <https://www.myflorida.com/accessflorida/>.

Kliyan k ap konekte nan Pòtay Oto-Sèvis ACCESS yo ta dwe ale nan <https://www.myflorida.com/accessflorida/>.

Yo egzije kliyan yo pou fè yon entèvyou pou resevwa avantaj. Kliyan yo ta dwe rele 850-300-4323 (TTY 1-800-955-8771) pou fè yon entèvyou pa telefòn.

Kliyan yo ka kòmande yon kat EBT, jwenn enfòmasyon konsènan tranzaksyon EBT, oswa pou deklare yon kat EBT yo te vòlè oswa ki te pèdi nan <https://www.myflorida.com/accessflorida/> oswa rele nan 1-888-356-3281.

###

Mete abònman ou yo ajou, modifye modpas ou an oswa adrès imèl ou an oswa kanpe abònman yo nenpòt lè nan [Subscriber Preference Page \(Paj Preferans Abonè Ou an\)](#). Ou pral bezwen itilize adrès imèl ou an pou konekte. *anvan ou dezabone, tanpri konnen ke lè ou dezabone nan imèl sa a pral retire èu nan kominikasyon fiti DCF yo. *Si ou gen kesyon oswa pwoblèm ak sèvis abònman an, tanpri kontakte subscriberhelp.govdelivery.com.

Yo founi ou sèvis sa a gratis [Florida Department of Children and Families \(Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid la\)](#).